

# Kesyon Manm Kominotè yo

## Kat Konvèsasyon pou Bati Konfyans

**Objektif:** Objektif zouti sa a se pou jwenn lide pou kesyon ke edikatè yo ka itilize avèk manm kominotè yo pou ede bati konfyans ak relasyon kolaborasyon ki konekte ak elèv miltileng ak fanmi yo. Sa pa yon lis kesyon ki konplè men se yon lis lide. Kesyon yo la pou kapab itilize yo avèk Modèl Kat Konvèsasyon WIDA a.

**Enstriksyon:** Chwazi kèk kesyon ki pi byen adapte ak kontèks ou an oswa kreye pwòp kesyon w. Ou pa bezwen itilize tout kesyon yo. Ekri kesyon ou ta renmen itilize nan Modèl Kat Konvèsasyon an, epi apre sa enprime m pou konvèsasyon ou an. Pa egzanp, ou te ka itilize kat konvèsasyon yo pandan yon vizit nan yon òganizasyon kominotè oswa yon lòt evènman oswa konvèsasyon fòmèl oswa enfòmèl.

### Konsiderasyon pou Itilizasyon avèk Manm Kominotè yo

- **Aktyèl nivo konfyans:** Konsidere pwen fò relasyon w yo pandan w ap itilize ak pataje kat konvèsasyon yo. Lè w enpoze yon fòma kesyon ak repons nan premye entèraksyon avèk elèv yo, fanmi, ak manm kominotè yo sa kapab kreye presyon yon fason ki pa entansyonèl, sa ki fè yo santi yo pa alèz olye yo santi soutyen.
- **Konfyans manifeste nan divès fason:** Panse ak ti jès ki fè elèv miltileng yo, fanmi, ak manm kominotè yo santi yo byenvini epi valorize. Itilize salitasyon ki senp nan lang matènèl yo. Pataje pwòp eksperyans ou yo si ou se yon elèv Anglè oswa yon migran; eksprime imilite, valè nan lang fanmi yo, ak yon pozisyon aprantisaj si w pa sa. Sa ede konstwi anpati ak kapasite idantifikasyon. Menm ti efò yo ka kontribye anpil pou yo kapab santi yo konsidere yo.
- **Konfyans manifeste ak letan:** Montre ke ou ouvè epi akeyan, epi valorize nivo angajman elèv miltileng yo, fanmi ak manm kominotè yo. Sa vle di koute istwa ak bezwen yo, reponn fidbak ak lide yo, konekte nan lye yo preferè yo, epi ofri opòtinite pou kolabore. Fè relasyon-konstwi yon pratik kontini.

# Kesyon pou Edikatè yo Itilize ak Manm Kominotè yo

## Kòmansman Konstriksyon yon Relasyon

### Rasanbleman Enfòmasyon Konsènan Òganizasyon Kominotè a

1. Tanpri pataje konsènan òganizasyon w lan ak misyon ak valè li yo.
2. Ki jan ou travay kounye a ak elèv miltileng yo ak/oswa fanmi yo?
  - a. Pale avèk mwen konsènan fason ou te kreye espas ki akeyan pou elèv miltileng yo ak fanmi yo.
  - b. Èske w te devlope relasyon ak elèv miltileng yo epi ak fanmi yo ak letan?

### Entegre Lyen Kominotè Nan Lekòl Ia

3. Ki jan ou panse lekòl nou an ka konekte ak òganizasyon w lan pou soutni elèv miltileng yo ak/oswa fanmi yo?
  - a. Selon eksperyans ou yo avèk elèv miltileng ak fanmi yo, ki pwogram, sèvis, oswa resous ou ta renmen wè nan lekòl nou an?
  - b. Ki jan nou ka ankouraje ek entegre enterè, eksperyans, lang, ak pratik kiltirèl fanmi miltileng yo nan lekòl nou an?
4. Ki jan nou ka entegre aspè travay kominotè ou an avèk elèv miltileng yo ak fanmi yo nan anviwònman lekòl nou an ak/oswa ansèyman saldeklas la?

### Kontinye pou Elabore

5. Ki evènmen oswa resous lokal ki te ka ede ranfòse lyen ant fanmi miltileng yo, kominote a, ak lekòl nou an?
6. Ki pwochen bagay nou ka fè ansanm pou pi byen soutni elèv miltileng yo ak fanmi yo?

## Kontinye Konstriksyon yon Relasyon

1. Ki jan sa pase avèk? \_\_\_\_\_ (Pataje yyon bagay espesifik ou te diskite sou li nan pase.)
  - a. Kisa k ap mache byen?
  - b. Kisa ki te difisil?
  - c. Ki jan mwen ka bay sipò?
2. Ki lòt bagay nou ka fè pou kontinye bati relasyon konfyans pou soutni elèv miltileng yo ak fanmi yo?
3. Ki lòt bagay nou ka fè pou ranfòse relasyon ant lekòl la ak òganizasyon ou an?